МБДОУ «Берийн беш №3 «Ирс» ю. Серноводское
Сунженски муниципальни къоьшта.

# Самукъане сахьт:

# «Нохчийн сийлахь зударий»

Кечам баран тоба «Знайки»

**Куьйгалхой: Ферзаули М.Х.**

**Богатырева З.Р.**

12.09.2017шо.

***Къуйгалхо:*** *Де дика хийла шу, марша дог1ийла! Вай тахан гулделла тов беца 17-чу дийнахь долу «Нохчийн сийлахь зударий» де лерина. Вай бераш гойтур ду шун, шу мел дукха деза.*
*Цера хаза байташка ладуг1уш, хелхаршка хьовсуш д1ахьур дув ай х1ара самукъне сахьт.*

*Х1окху доккхачу дуьненчохь цхьа а х1ума дац Нана бохучу дашал сийлахь а, деза а.*
*Дуьненан 1аламехь мел долу садолу х1ума ненан кийрара схьадаьлла а, цуо кхиийна-кхетийна а ду. Хуьлийла иза адам, акхаро, олхазар я муьлххакхин долу дийнат.*

*Дукха яз а дина, иллеш а даьхна метан говзанчаша Нана хестош, цуьнан дикалла а, цуьнга шайн болу безам а буьйцуш.*
*Амма дуьне дозуш мел ду, мел дукха дийцарх, кхачалур йолуш яц исбаьхьаллин кхолларалл ехь нанойх лаьцна долу дийцарш, аларш.*
*Х1унда аьлча, Нана бохург ша долу дела дийнна Дуьне.*
*Эрна олуш мА дац вайн «Нана-Дуьне» олий.*

*Ткъа Нохчи нене, кхочуш цхьа а хир вац.*
*Х1оккху дуьненчохь мел хилла дика-вуо а, дов-т1ом а нанойн дегнашкахула чекхдолуш а, уьш лазош а ду.*
*Нохчи зуда, нохчи нана, замано зийна, дахаро чехийна, халонаш т1ехиттарх хьо дьоналлех ца юьхи.*

*Йоьхь сибат хаза долуш, куц кеп товш долуш, эсала, оьзда, г1иллакхе йолуш, хусамехь беркат, барт латтош, иманах юьззина ю Нохчи нана.*
*Дьоьзал кхиорехь, балхахь дик ц1е йоккхуш, хьекъале ю Нохчи нана.*
*Хьомсара наной, йижарий!*

*Ас даггара декъалдо шу Нена денца! Лаьа шаьш дуьненчохь йоккхучу заманчохь цкъа а шайн доьзалийн, бевза-безачийн вуо ца гуш, могуш-маьрша, ирс долуш шу дехийла.*
*Дала аьтто болш, беркате дахар лойл шун!*



***1.реб:*** *Со йина нана,декъал хо хуьлда,*
*Со кхиийна нана,ирсе ехийла.*
*Аганахь техка еш,б1аьргаш хьай белха беш,* ***Разана.***
*Дог хьай делхийна йолу сан нана,*
*Даимна хьо сунна могша ехийла,*
*Даимна Дала хьо сунна латта йойла!*

***2.реб:*** *Сан Нана, хIун ду кху дуьненчохь хьоьл деза тхуна,*
*АллахIо совгIатна хьо елла тхуна,* ***Мелана.***
*Ховха хьан куьйгаш,*
*Оьзда ахь буьйцу мотт,*
*ГIиллакхах дуьзна ду кийрара жима дог.*

***Кьуйгалхо:*** *Х1инц вай хьовса таро хир ю вай нохчи хаза г1иллакх гойтуш, оьздангалла гойтуш, вай къонахи дьоналла гойтуш йолу кийсаке.*

***(Бераш гойту «Нохчийн йоь1а йовлакх» ц1е йолу кийсак)***

***Кьуйгалхо:****Мел чолхе дов хиларх, мел доьхна дегнаш даръделла г1овттарх, нохчи йо1а, нанас юьккъе йовлакх тесча шай герз батте дьуллуш хилла вай дайш. Иштта сий долуш, ницкъ болуш хилла йьо1а йовлакх.*

***Кьуйгалхо:*** *Х1инц вайн берш байташ йоьшар ю.*

***3.реб:*** *Массамо Везачу Деле хьо ехна,*
*Массамо маьлхан дуьненахь хьо лехна,*
*Дуккха ду мукъамаш хьо хасто яздина,* ***Турпал.***
*Говзачу дешнаша хьан кхоллам баз бина,*
*Амма и ницкъ болу нохчийнмотт тоьар бац,*
*Берриге безам хьоь дIабийца, Нана.*

***4.реб:*** *Яхалахь сийдолу тхан хьоме Нана*
*Хьайн хаза елар денна а тхуна луш,*
*Нурдолу бIаьргаш хьайн тхоьга а хьежадеш,* **Камила.**
*Ло сана кIайн долу оьзда хьайн куьйгашца,*
*Бераллехь сана тхо мара а къуьйлуш!*

***5.реб :****Мехка а сий ду хьо,*
*Доьзаллийн ирс ду хьо,*
*Тха дегнийн той духьо,* **Селима.**
*Хьомсара Нана!*



***Кьуйгалхо:*** *Х1инца вай хьовса таро хир ю «Хи йистехь» ц1е йолу кийсаке.*

***(бераш гойту «Хи йистехь» ц1е йолу сурт)***

***«Хи йистехь»***

***Хьамзат: -*** *хьажахь, Турпал, ма хаза бу вай Даймохк!*

***Ахьмад: -*** *Дера бу, вай махкахь санна хаза маьхкарий ма бац цхьанхьа.*

***Ясмина:*** *-Мелана, ма хаза ю вай хи йист.*

***Мелана:*** *- Хаза ю.*

***Ясмина:*** *- Вай кегий нах схьакхаьччи теша?*

***Мелана:*** *- кхьач хир бар уьшшам. Вайшиъ хи да йог1ш ма ю.*

***Хьамзат:*** *- Ахьмад, и йог1арг хьа езар яц?*

***Ахьмад:*** *- Дера ю Мелана! Тахана цо суна жоп делча ма ирсе хир вар со.*

***Хьамзат:*** *- Х1инц хуар ду изаъ. Де дика хийла шу маьхкарий!*

***Ясмина:*** *- Диканца дехийла, кегий нах.*

***Хьамзат:*** *- Мелана, х1ара са доттаг1 саготт вукх ахь ху олу ца хуаш. Жоп лой ахь кхун?*

*Меланас ше п1елгара ч1ург йовлакх юккъе юьлли Ясминиг д1а ло.*

*Ясминас и йовлакх Ахьмадиг д1ало.*

*Воккхвевеш къант хелха волу хи йистехь гуо боккхий.*




***Кьуйгалхо:*** *Дера, жималло 1ехош, безамо хьостуш долу дегнаш, вай оьздачу г1иллакхаш ша тайпана бахьнашца вовшех мат уху.*

*Йийцина вер воцуш йолу нохчийн йоь1а хазалло, кегийчу нахе хаза мотт ма буьйцьуту.*

***Кьуйгалхо:*** *Х1инца жимма са до1уш байташк ладуг1ур ду вай.*

*Меллаша хьа наб ца йохош*

*Куьйгаш т1е хьуна бар толу.*        *Мадина.*

*Дарбане хьа дега йовхо*

*Даимна са дагца йогу.*

*Са да1а со йина нана*

*Доьзална ехар хьо кхана.*

*Г1енашкахь жималле кхийда* *Марьям.*

*Диталахь са парг1ат хьийза.*



*Тховса бет идам ца хилла*

*Къоьжалла месаш т1е йоьжна.* *Ясмина.*

*Лацалуш дагах ша бина*

*Йоьлху со г1айби т1е йоьжна.*

*Са хаза са хьоме Нана*

*Йижахьа биц бай хьай бала.*

*Г1енашкахь бералла леха* *Исмаил.*

*Дита хьай са маршо еха.*

*Мелаша месаш а хьостуш*

*Муьлу ас хьа дега марзо.* *Абубакар.*

*Хьаналчу къуйгех къуг хьокху*

*Эшара мог1анаш яздо.*

*Йалахьа къинт1ера Нана*

*Тхо кхиош ца кхиънехь яха.*

*Нена дог Везачу Дала*

*Эхартахь маршо ю аьлла.*

***Къуйгалхо:*** *Х1инца юха а байташк ладуг1ур ду вай.*



*Гой шуна, доттаг1ий вай наной къанлуш бу денна.*

*Хебарша кхелинчу яххьаш т1е къоьжалла оьгу.*

*Х1ораннан вай даг чу г1айг1ане сахьийзар деана,* ***А-Карим.***

*Зама а сихъелла д1айоду, некъ некъах тоьгуш.*

*Гой шуна, доттаг1ий вай наной къонлуш бу денна.*

*И наной дегнаш ду даккхийдеш кхьуучу къентех.* ***Ахьмад.***

*Х1ораммо техкийна ага а ца хиллакх эрна*

*Нахана дика да къант хилча х1ора а ц1ен т1ехь.*

*Х1ора де-цхьа к1айн чо, х1ора де-цхьа хазахетар.*

*Вай нанойн баккхийбер кортош а кхелина къега.* ***Хьамзат.***

*Гой шуна, доттаг1ий,тнаношна мел ч1ог1а оьшу*

*Хилар шаьш баккхийбеш шайн къентий дикане хоьжуш.*

***Къуйгалхо:*** *Х1инца кхи цхьа хаза г1иллакх гайта лаьа тхуна. Нохчийн зудчун де даздар, цьунан сий дар эрна дац.*

*Хийла майра къант, къонах кхиийна нохчий нанас. Жим волуш дьуйна, везаш кхиош, г1ийла илли олуш техкийна аганаш эрна ца хилла. Хьовсур дув ай цу сьурте.*

***(«Нанас техко ага» гойтур ду Аянтас)***



***Къуйгалхо:*** *Хьоме Наной, вай бина цхьа барт бара. Нохчий зудчо доьзал кхиош баийна кхачанаш вовшех тухур бу аьлла.*

*Х1инца аш гайтал, вай нохчий даарш-кхачанаш аш муха кечбина.*

***Къуйгалхо:*** *Вай бераш хаза хелхарш гойтуш йоккхур ю вай хан.*

***Къуйгалхо****: Мел деха ловзар, самукъадалар хилчи а, массо хуман чьаккхе ю. Вай самукъне сахьт дерзор ду вай цхьана сьурташ дохуш. Шун массарна Дела реза хийла. Дала декъал дойла шу.*

*!одика йойла!*